

The University of the State of New York
REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA JENERAL AK JEYOGRAFI

Jedi, 17 jen 2004 — 1:15 pou 4:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo la a yo. Epi ale nan dènye paj nan tiliv la, se la w ap jwenn fèy repons pou Premye Pati an. Pran san w pou w pliye dènye paj la nan kote ki dantle yo tou dousman epi chire paj repons lan. Kounye a, ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri nan tèt chak paj tiliv redaksyon an.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou w reponn **tout** kesyon nan chak pati. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonsse pou w ekri repons yo.

Premye Pati a gen 50 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa a yo nan fèy repons ki apa a.

Dezyèm Pati a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Yo baze **Twazyèm Pati** a sou divès dokiman:

Seksyon A nan Twazyèm Pati a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Nan tiliv egzamen an, ekri repons pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non w ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

Seksyon B nan Twazyèm Pati a gen yon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7 la.

Lè w fini egzamen an, se pou w siyen deklarasyon ki ekri sou fèy repons Premye Pati a. Deklarasyon an di ou pa janm konnen ni kesyon ni repons egzamen anvan ou konpoze epi ou pa ni bay poul ni pran poul pandan w tap konpoze. Yo pap aksepte fèy repons ou an si ou pa siyen deklarasyon sa a.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA RESEVWA SIYAL LA POU OUVRI L.

Premye Pati

Reponn tout kesyon nan pati sa a.

Esplikasyon (1–50): Pou chak pawòl oubyen pou chak kesyon, chwazi *nimewo* ki gen mo a oubyen espresyon ki pi byen konplete pawòl la oubyen kesyon an, pami sa yo bay yo, sou fèy repons lan.

1 Ki tit ki konplete moso gran liy ki pi ba la a pi byen?

I. _____

- A. Lèt Pèsonèl
- B. Otobiyografi
- C. Jounal
- D. Lisans pou kondwi

- (1) Sous Prensipal
- (2) Sous Segondè
- (3) Dosye Ofisyèl
- (4) Dosye ki Pibliye

2 Yon sosyete totalitè se yon kote

- (1) gouvènman an kontwole pifò aspè nan lavi
- (2) gouvènman an sipòte kwayans relijye yo
- (3) yo konsidere leta tankou sèvitè sitwayen yo
- (4) sitwayen yo ka kritike aksyon lidè yo an piblik

3 Ki faktè jeyografik ki te gen pi gwo enfliyan sou kòmansman istwa nan Azi Disid ak Lachin?

- (1) vale rivyè yo
- (2) pozisyon il yo
- (3) litoral ki vas yo
- (4) forè tropikal yo

4 Wout Swa [*Silk Road*] la te enpòtan paske li te pèmèt

- (1) Lame Women an fè esplorasyon Lachin
- (2) pèp nomad nan Azi Santral la devlope agrikilti
- (3) mouvman lame Chinwa yo nan Azi Sidès
- (4) echanj machandiz ant Azi ak Mwayen Oryan

5 Ak ki ansyen sivilizasyon je olenpik yo, powèm Omè yo, ak kilti Elenistik la asosye?

- (1) Ejipsyen
- (2) Grèk
- (3) Women
- (4) Fenisyen

6 Kòd Hammurabi te yon kontribisyon prensipal nan devlopman sivilizasyon paske li te

- (1) trete sitwayen ak esklav menm jan
- (2) mete fen nan tout pinisyon fizik
- (3) anrejistre lalwa ki egziste yo pou tout moun ka wè yo
- (4) rejte prensip pyete filyal

7 Yon konsekans jeyografi gwo mòn yo te genyen sou sivilizasyon ansyen Grèk la se te devlopman

- (1) monachi absoli
- (2) eta-vil ki endepandan epi ki separe
- (3) anpil komès enpòtan ak Pèsan yo
- (4) kwayans nan yon sèl bondye


8 Ki tit ki konplete moso gran liy ki pi ba la a pi byen?

I. _____

- A. Devlopman ansiklopedi medikal
- B. Devlopman aljèb ak tablo astwonmik
- C. Pwodiksyon tekstil an koton ak tapi an lenn
- D. Pwodiksyon literati, kaligrafi ak konsepsyon jeyometrik

- (1) Esplwa Sosyete Feyodal yo
- (2) Envansyon pandan Revolisyon Neyolitik la
- (3) Kesyon sou Refòm Pwotestan an
- (4) Kontribisyon Sivilizasyon Islamik la

Baze repons ou pou kesyon 9 sou kat jeyografik ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Roger B. Beck et al., *World History: Patterns of Interaction*, McDougal Littell (adapte)

9 Wout yo montre sou kat jeyografik la ilistre

- | | |
|--------------------------------------|---------------------------------|
| (1) pwopagasyon Kreyente | (3) espansyon apateyid |
| (2) chanjman nan popilasyon Ewopeyen | (4) abitud nan migrasyon Bantou |

- 10
- “Oumenm ki pi byenveyan, Oumenm ki pi mizèrikòdye;”
 - “Mèt Jou Jijman an.”
 - “Oumenm nou adore a, epi nou chèche èd ou a.”

Sous: 'Abdullah Yusuf-Ali, tradiksyon, *Siyifikasyon Sen Koran an*, Piblikasyon Amana (ekstrè nan yon pasaj)

Sitasyon sa a ki tradwi a epi ki soti nan Qur'an [Koran] an fè referans a

- | | |
|-----------|-------------|
| (1) Bouda | (3) Ala |
| (2) Chiva | (4) Mowamèd |

11 Ki detay ki gen rapò ak Japon depi okòmansman epi ki te yon konsekans twa lòt yo?

- (1) Japon te fè esperyans tranbleman tè ak esplozyon volkanik.
- (2) Japon te devlope yon kwayans yo rele Chinto epi ki baze sou lanati.
- (3) Pafwa tsoumani ak ouragan te detwi zòn lakòt nan vilaj Japonè yo.
- (4) Yo jwenn mòn toupatou nan il Japon an.

Baze repons ou pou keyson 12 sou foto ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Q.T. Luong, www.terrageria.com

12 Ak ki relijyon yo asosye estati sa a pi plis?

- | | |
|------------|---------------|
| (1) Boudis | (3) Jayinis |
| (2) Islam | (4) Krisyanis |

13 Nan *The Prince (Prens Lan)*, liv Niccolò Machiavelli ekri a, li fè konnen yon dirijan ki saj se youn ki

- (1) kenbe taks ak pri manje ba
- (2) ankouraje edikasyon ak travay atis
- (3) pèmèt konseye yo di kisa ki nan lide yo
- (4) fè sa ki nesèsè pou li rete sou pouvwa

14 Yon rezon prensipal ki fè Renesans lan te kòmanse nan Itali se te paske

- (1) eta-vil italyen yo te vin pi rich poutèt komès ant Ewòp ak Azi
- (2) fèmye yo te reyalize anpil pwodwi agrikòl anplis nan plenn ki pi laj yo
- (3) komèsan yo te sipòte Revolisyon Vèt la
- (4) anpil savan Ewopeyen te imigre nan zòn sa a

15 Ki aksyon yo ta ka konsidere tankou yon konsekans Refòm Pwotestan an?

- (1) afichaj Katrevenkenz Tèz yo
- (2) pouvwa Legliz Katolik Women ki te bese
- (3) lè yo te vann endiljans yo
- (4) fen lagè relijye a

16 “An 1469, Izabèl nan Kastil te marye ak Fèdinan nan Aragon. Maryaj ant de (2) lidè sa yo, ki te gen anpil pouvwa, te ouvri chemen pou yon eta ki ini. De (2) monak yo te mete fòs yo ansanm pou yo te fè yon dènye atak kont pil pouvwa Mizilman te genyen nan Granada a. An 1492, Granada te tonbe. . . .”

Sous: Elisabeth Ellis ak Anthony Esler, *World History: Connections to Today*, Prentice Hall

Kisa yo dekri nan pasaj sa a?

- (1) yon kwazad pou ale nan Latè Sent
- (2) rezon ki fè Kolon te fè vwayaj li yo
- (3) Rekonkista Panyòl la
- (4) kòmansman Renesans Italyen an

17 Prèv akeyolojik yo jwenn nan teren Mezowameriken ki nan Tenochtitlan ak Machou Pichou yo sijere sosyete sa yo


- (1) te fèt ak chasè ak moun kap keyi manje sou pyebwa
- (2) se te kilti ki te devlope anpil epi ki te òganize anpil
- (3) te pratike yon relijyon monoteyis
- (4) te swiv yon sistèm demokratik

18 Ki pawòl ki dekri yon enpak Echanj Kolonbyen an te genyen sou lavi Ewopeyen yo pi byen?

- (1) Transfè pwodwi ak ide nouvo te ankouraje kwasans ekonomik.
- (2) Yo te pote maladi nouvo nan Ewòp epi konsekans lan se te yon flewo ki te lakòz anpil lanmò.
- (3) Ameriken Natifnatal te imigre nan Ewòp epi yo te rantre nan konpetisyon ak Ewopeyen yo pou travay.
- (4) Kontak entèkiltirèl ant Amerik Disid ak Azi te bese.

Baze repons ou pou kesyon 19 ak 20 sou kat jeyografik ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Sivilizasyon Endijèn nan Afrik jiskan 1901



Sous: Martin Greenwald Associates, *Historical Maps on File*, Facts on File, Inc. (adapte)

19 Ki sivilizasyon yo te ka jwenn nan bouch Rivyè Nijè a?


- (1) Gana
- (2) Kongo
- (3) Benen
- (4) Achanti

20 Ki pawòl enfòmasyon ki sou kat jeyografik la ka fè dedwi pi byen sou sivilizasyon Afriken an anvan 1901?

- (1) Krisyanis ak Islam te jwe yon ti wòl tou piti nan devlopman sivilizasyon Afriken yo.
- (2) Pifò sivilizasyon Afriken yo te egziste pandan kèk ane sèlman.
- (3) Pat gen anpil entèraksyon ki te fèt ant sivilizasyon sa yo.
- (4) Te gen sivilizasyon Afriken nan plizyè anvwonman fizik diferan.

Baze repons ou pou kesyon 21 sou kat jeyografik ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Vwayaj Zheng He



Sous: Elizabeth Ellis ak Anthony Esler, *World History: Connections to Today*, Prentice Hall (adapte)

21 Ki konklizyon kat jeyografik la sipòte pi byen?

- (1) An 1405, vil Chinwa nan zòn ès yo te gen anpil kontak ak Anpi Pèsik la.
- (2) Rivyè yo ak mòn yo te anpeche espansyon komès Chinwa pa vwa terès.
- (3) Chinwa te vin gen kontak ak pèp nan lòt kilti yo ant 1405 ak 1422.
- (4) Lachin te izole nan kontak ak deyò sou kontwòl lidè Anpi Ming lan.

22 Nan Ewòp, konpayi ki fèt ak aksyon yo, aksyonè yo, antreprenè yo, ak boujwazi a te kontribye nan

- (1) avansman kapitalis
- (2) devlopman feyodalis
- (3) chit kominis
- (4) ogmantasyon pouvwa asosyasyon yo

23 Yo te konsidere Wa Louis XIV nan Frans, Pyè Legran [*Peter the Great*] nan Larisi, ak Suleiman, Lemayifik nan Anpi Otoman lan kòm gouvènè absoli paske yo te

- (1) separe ak Legliz Katolik Women
- (2) ede gran seyè feyodal yo bati chato ki gen sekirite
- (3) mete pwogram, ki bay palman yo plis pouvwa anplas
- (4) detèminen prensip gouvènman yo san konsantman pèp la

24 Yon jan Revolisyon Syantifik la ak Syèk Limyè a te sanble se paske yo te

- (1) ankouraje pwopagasyon ide nouvo
- (2) bay enstitisyon tradisyonèl plis fòs
- (3) lakòz Refòm Pwotestan an
- (4) rejte endividyalis Renesans lan


25 “. . . Moun fèt lib epi yo rete lib epi yo gen menm dwa. Yo ka fonde distenksyon sosyal sou byennèt jeneral la sèlman. . . .”

—*Deklarasyon Dwa Moun ak Sitwayen*, 1789

Ki prensip filozòf Syèk Limyè yo ki kominike nan sitasyon sa a ki soti nan Revolisyon Franse a?

- (1) lalwa natirèl
- (2) nasyonalis
- (3) komès lib
- (4) sosyalis

Baze repons ou pou kesyon 26 sou ilustrasyon ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.




Sous: Sue A. Kime et al., *World Studies: Global Issues & Assessments*, N & N Publishing Co. (adapte)

26 Tout eleman yo idantifye nan ilustrasyon an kontribye nan

- (1) entèdepandans alman
- (2) inifikasyon alman
- (3) enperyalis alman
- (4) endiferans alman

Baze repons ou pou kesyon 27 sou chema ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: R. W. Fogel ak S. L. Engerman, *Time on the Cross: The Economics of American Negro Slavery*, Little, Brown and Company (adapte)

27 Kiyès nan pawòl sa yo chema a sipòte?

- (1) Ti komès ki fè Afriken tounen esklav te konn fèt anvan ane 1500 yo.
- (2) Esklavaj te pratike pi plis toupatou nan Laswèd, Danmak, ak Olann.
- (3) Kondisyon esklavaj nan Brezil te mwen sevè pase kondisyon ki te genyen nan Etazini yo.
- (4) Yo te voye pifò Afriken ki te nan esklavaj nan Antiy yo ak Amerik Latin.

28 Ki evennman ki te gen pi gwo enfliyans sou devlopman kapitalis lesefè an?

- (1) chit Anpi Women an
- (2) envansyon près ekri a
- (3) Revolisyon Endistriyèl
- (4) Revolisyon Vèt

29 Nan fen ane 1800 yo, yon repons travayè nan Angletè te genyen pou kondisyon travay ki pat gen sekirite se te

- (1) pran kontwòl gouvènman an
- (2) pou tounen nan travay latè
- (3) etabli salè minimòm
- (4) fòme sendika travay

30 Lè Koreyen rele peyi yo “yon kribich nan mitan balèn,” yap pale de

- (1) mòn ki kouvri pifò prèskil Koreyen an
- (2) domaj twòp lapèch nan Pasifik la koze nan anviwonman an
- (3) respè tradisyonèl yo genyen pou lanmè a
- (4) pozisyon yo nan mitan vwazen ki gen anpil pouvwa: Larisi, Lachin, ak Japon

Baze repons ou pou kesyon 31 ak 32 sou pòtre ki sou blòk bwa ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Medam ak enstriman mizik oksidental



Sous: Se Ōmori Kakutarō, ki pibliye, pòtre ki sou blòk bwa (detay), c. 1890, Museum of Fine Arts, Boston (adapte)

- 31 Pòtre fen 19yèm syèk Japonè sa a ilistre
- | | |
|-----------------|-----------------------|
| (1) izolasyonis | (3) difizyon kiltirèl |
| (2) etnosantris | (4) demokrasi |
- 32 Pandan ki peryòd nan istwa Japonè ki te gen plis posibilite pou yo te kreye pòtre sa a
- (1) Epòk chogoun Tokugawa
 - (2) Restorasyon Meiji
 - (3) Lagè Riso-Japonè
 - (4) Okipasyon apre Dezyèm Gè Mondyal

- 33 Pandan Premye Gè Mondyal la, ki gwoup moun ki te viktim jenosid?
- (1) Arab nan Ejipt
 - (2) Palestinyen nan Siri
 - (3) Aljeryen nan Frans
 - (4) Amenyen nan Anpi Otoman
- 34 Pou Trete Vèsay la te pini Almay pou wòl li te jwe nan Premye Gè Mondyal la, li te
- (1) fòse Almay aksepte yo blame li pou lagè a epi pou li te peye pou domaj yo
 - (2) divize Almay nan kat zòn ki te okipe
 - (3) sipòte sanksyon ekonomik Nasyonzi yo
 - (4) pran teritwa Alman nan Balkan yo ak nan Espay
- 35 Rezon prensipal ki fè Japon te anvayi Azi Sidès pandan Dezyèm Gè Mondyal la se te pou
- (1) anwole plis gason nan lame li a
 - (2) jwenn pwovizyon lwil ak kawoutchou
 - (3) satisfè bezwen pèp Japonè a te genyen pou epis
 - (4) anpeche Etazini rantre nan lagè a

Baze repons ou pou kesyon 36 sou pasaj ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

“Li pran Kat Gwo yo senk èdtan vennsenk minit sèlman isit nan Minik jodi a pou yo chase nwaj lagè a epi pou yo rive jwenn yon akò sou patisyon Tchekoslovaki a. Pa fèt pou gen okenn lagè Ewopeyen, apre tou. Fèt pou gen lapè, epi pri lapè sa se, angwo, pou Tchekoslovaki sede teritwa Sidèt la bay Herr Hitler nan Almay. Führer Alman an jwenn sa li te vle a, men sèlman li gen pou li rete tann yon ti tan anplis pou li jwenn li. Men pa pou lontan – dis jou sèlman. . . .”

Sous: William Shirer, anrejistremant repòtaj radyo CBS radio nan Prag, 29 septanm 1938

- 36 Yo rele politik Frans, Angletè ak Itali te chwazi pou yo obsève nan reyinyon sa a
- | | |
|-------------------|------------------|
| (1) apezman | (3) liberasyon |
| (2) otodetèmasyon | (4) pasifikasyon |

37 Klima politik Lagè Fwad la te fè de (2) gran pwisans mondyal yo

- (1) kolabore pou sispann pwopagasyon kominis
- (2) kolonize Afrik ak Azi
- (3) rantre nan konpetisyon ekonomik ak militè
- (4) pwoteje dwa moun

38 Liv kiyès nan moun sa yo ki te enflyanse ide politik Ho Chi Minh, Fidel Castro, ak Pòl Pòt yo

- (1) Confucius
- (2) Mohandas Gandhi
- (3) Desmond Tutu
- (4) Karl Marx

39 Nan End, ibanizasyon te afekte sosyete a paske li

- (1) ranfòse kwayans Endou yo
- (2) ankouraje travay atis ak dekorasyon natifnatal
- (3) rann sistèm kas tradisyonèl la fèb
- (4) ogmante kantite fèmye ki genyen yo

40 Objektif prensipal Akò Lib Echanj Amerik Dinò a (NAFTA) ak Inyon Ewopeyen an (EU) se pou

- (1) bay Nasyonzi plis pouvwa
- (2) ankouraje ogmantasyon devlopman ekonomik
- (3) ankouraje lapè ant peyi yo
- (4) etabli epi fè obsève alyans militè

- 41
- Pèp Kachmi an egzije separasyon ak End.
 - Pèp Timò Ès la vote pou li pran endepandans li nan men Endonezi.
 - Tibeten yo pa renmen kontwòl Lachin genyen sou peyi yo.
 - Kid yo vle etabli pwòp eta Kidistan endepandan pa yo.

Pawòl sa yo se egzanzp efò pèp diferan te fè pou reyalize

- (1) sistèm mache lib
- (2) gouvènman demokratik
- (3) egalite sosyal
- (4) otodetèminasyon

Baze repons ou pou kesyon 42 sou desen ki pi ba la a ak sou konseksans ou nan syans sosyal.



Sous: Dan Wasserman, Tribune Media Services, Inc. (adapte)

42 Enkyetid desen sa a esprime a asosye pi plis ak konseksans

- (1) migrasyon rapid bèt yo nan Emisfè Nò a
- (2) lòt esplorasyon anplis nan Oseyan Atik la
- (3) endistriyalizasyon ak destriksyon konbistib fosil
- (4) kwasans ekonomik ki pa fèt rapidman nan peyi kap devlope yo

43 Konfli nan Wouwanda, Yougoslavi ak End nan fen 20yèm syèk la yo te sanble paske chak se te konseksans

- (1) deforestasyon konpayi miltinasyon te fè
- (2) kominis ki te tonbe
- (3) entèvansyon fòs Nasyonzi te voye pou kenbe lapè
- (4) rivalite ant gwoup etnik

44 Douz Tab yo, Kòd Jistinyen an, ak Deklarasyon Dwa Sitwayen Angle a sanble paske yo chak te adrese kesyon

- (1) mobilite sosyal
- (2) devlopman ekonomik
- (3) endividi ak leta
- (4) enpòtans relijyon

Baze repons ou pou kesyon 45 sou desen ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Matt Davies, Gannett Suburban Newspapers, United Press Syndicate (adapte)

45 Ki pawòl ki dekri sijè prensipal desen an pi byen?

- (1) Pwoliferasyon nikleyè rive nan tout sosyete.
- (2) Aksyon yon peyi byen souvan afekte lòt peyi.
- (3) Se gran pwisans mondyal yo ki fèt pou gen teknoloji nikleyè sèlman.
- (4) Pifò gouvènman kritike tès nikleyè End fè yo.

46 Ki tit ki konplete moso gran liy ki pi ba la a pi byen?

I. _____

- A. Morya
- B. Goupta
- C. Siltana Deli

- (1) Anpi End
- (2) Sivilizasyon Amerik Latin
- (3) Anpi Kwasan Fètil
- (4) Dinasti Lachin

47 Kiyès nan seri evennman sa yo ki nan lòd kwonolojik kòrèk la?

- (1) Renesans → Mwayenn Aj → Anpi Women
- (2) Trete Vèsay → Dezyèm Gè Mondyal → Lagè Kore
- (3) Refòm → Kwazad → Esplorasyon Ewopeyen te mennen nan Amerik yo
- (4) Revolisyon Bòlchevik → Revolisyon Franse → Revolisyon Ameriken

Baze repons ou pou kesyon 48 sou desen ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Krim Laj yo ---- Kiyès ki te fè li ?



Sous: John McCutcheon, *The Chicago Tribune*; H. H. Windsor, *Cartoons Magazine* (adapte)

48 Desen an ilistre tansyon ki te lakòz ki lagè?

- (1) Lagè Franko-Prisyen
- (2) Premye Gè Mondyal
- (3) Dezyèm Gè Mondyal
- (4) Lagè Fwad

49 Kannal Panama ak Kannal Suez sanble paske toude

- (1) rakousi wout navigasyon ant gwo mas dlo yo
- (2) se Angle ki te bati yo pou fè anpi yo vin pi gran
- (3) ranplase Wout Swa [*Silk Road*] la kòm wout prensipal komès mondyal la
- (4) konekte ak Oseyan Atlantik ak Pasifik dirèkteman

50 Ki aksyon ni Hitler ni Napoleon te pran epi istòryen yo konsidere aksyon an kòm yon erè estratejik militè?

- (1) anvayi Larisi ak liy alimantasyon ki limite
- (2) entwodwi atak terès ak atak naval ansanm
- (3) anvayi Grann Bretay pa tè
- (4) itilize pèp yo konkeri yo kòm travayè esklav

Repons pou kesyon sou redaksyon yo fèt pou ekri nan tiliv separe pou redaksyon an.

Lè wap devlope repons ou pou Dezyèm Pati a, ou dwe kenbe definisyon jeneral sa yo nan lide ou:

- (a) **dekri** vle di “**iliste yon bagay avèk mo oswa pale de li**”
- (b) **esplike** vle di “**fè koze a parèt klè, oubyen pou moun konprann li byen; bay rezon ki fè kèk bagay rive oubyen pou ki sa yo fèt; montre ki lojik ki fè kèk bagay rive oubyen sa ki lakòz yo rive**”

Dezyèm Pati

KESYON POU REDAKSYON TEMATIK

Esplikasyon : Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf sou objektif travay ki pi ba la a, ak yon konklizyon.

Tèm: Moman Desizif

Moman desizif se gwo evennman nan listwa ki lakòz chanjman ki dire lontan.

Objektif Travay la:

- Idantifye **de** (2) gwo moman desizif nan listwa jeneral epi pou **chak**:
- Dekri sikonstans istorik ki lakòz moman desizif la
 - Esplike kouman **chak** moman desizif chanje devlopman listwa

Ou ka itilize egzanp nan etid ou fè sou istwa jeneral. Kèk nan sijesyon ou ka vle konsidere yo se Revolisyon Neyolitik la, Kwazad yo, Renesans lan, Rankont lan, Revolisyon Franse an, Revolisyon Ris an 1917 la, Premye Gè Mondyal la, kreyasyon Eta modèn Izrayèl la, Nelson Mandela eli prezidan Afrik Disid, epi chit Miray Bèlen an.

Pa konsidere sijesyon sa a yo sèlman.

Pa itilize okenn moman desizif nan istwa Etazini.

Direktiv:

Nan redaksyon w lan, sonje pou w

- Trete tout aspè nan objektif travay la
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm nan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè. Mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki ale pi lwen toujou olye pou ou annik repete tèm nan

Lè wap devlope repons ou pou Twazyèm Pati a, ou dwe kenbe definisyon jeneral sa yo nan lide ou:

- (a) pale sou yon sijè vle di “fè kòmantè sou yon bagay pou di sa ki pase, rezone, epi bay agiman; bay detay pou prezante bagay la”

Twazyèm Pati

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a mache ak dokiman sa a yo (1-8). Kesyon an la pou li teste kapasite w nan sèvi ak dokiman istorik. Yo edite kèk nan dokiman yo pou yo kapab sèvi pou kesyon an. Lè wap analize dokiman yo, konsidere sous kote chak dokiman soti a ak ki pwennvi ki parèt lan dokiman an.

Kontèks Istorik:

Pandan ane 1800 yo, anpi Grann Bretay la te vin pi gran, li te gen End, lòt pati nan Azi, ak kèk pati nan Afrik ladann. Gouvènman kolonyal Grann Bretay la te gen efè ki pozitif ak efè ki negatif alafwa sou anpi kolonyal la.

Objektif

Travay la: Itilize enfòmasyon ki nan dokiman yo epi konesans ou nan istwa jeneral, pou reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou bay pou kesyon yo va ede ou ekri redaksyon Pati B a kote yo pral mande ou pou ou:

- Pale de kisa ki lakòz politik, sosyal *ak/oswa* ekonomik enperyalis Britanik la
- Pale de efè pozitif *ak* efè negatif gouvènman kolonyal Britanik la

Seksyon A

Kesyon ki Mande Repons Kout

Esplikasyon : Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki swiv chak dokiman nan espas yo bay la.

Dokiman 1

. . . Eta Malezi yo pa Teritwa Britanik, epi koneksyon nou genyen avèk yo a se sèlman paske sa gen 70 an [1757] depi yo te envite, pouse epi konvenk Gouvènman Britanik la pou li ede Gouvènè kèk Eta mete lòd nan kay [depatman gouvènman] ki te an dezòd, ki pat gen lajan, epi ki te distrè; pou li voye Fonksyonè Sivil Britanik, ki gen fòmasyon pou sa, al bay Dirijan yo konsèy sou prensip administrasyon ak sou kouman pou òganize yon sistèm gouvènman ki ta asire lajistis, libète, sekirite pou tout moun, epi kote avantaj la se yon bagay yo rele Sivilizasyon; epi, natirèlman, pou bay yon revni anyèl ki sifi pou peye tout depans yon gouvènman ki te oblije entwodwi chemennfè, wout, lopital, sèvis dlo, epi tout lòt obligasyon lavi modèn. Nan nèf (9) Eta ki nan zòn sid nan Siam yo, gen kat ki te mande oswa ki te aksepte èd sa a; pita, kat lòt Eta, Siam te menase, te vin sou enfliyans Britanik dirèk; antretan, Johore, ki vwazen ki pi pre Singapore la, depi lè il sa a te vin tonbe sou okipasyon Msye Stamford Raffles an 1819, te depann de richès ak antrepriz Singapore Chinwa pou devlopman pa li

Sous: Sir Frank Swettenham, *British Malaya: An Account of the Origin and Progress of British Influence in Malaya*, George Allen ak Unwin Ltd., 1906

1 Dapre dokiman sa a, di **de** (2) rezon ki fè Eta Malezi yo te bezwen èd nan men Angletè. [2]

(1) _____

_____ Nòt

(2) _____

_____ Nòt

Dokiman 2

Lè misyonè yo te vin nan Afrik, yo te gen Bib la epi nou te gen tè a. Yo te di ‘Ann priye’. Nou te fèmen je nou. Lè nou te ouvri yo, nou te gen Bib la epi yo te gen tè a.

— Evèk Desmond Tutu, 1984
Sous: *South Africa Sunday Times*, 26 novanm 2000

- 2 Dapre dokiman sa a, di **yon** efè gouvènman kolonyal Britanik la te genyen sou Afrik. [1]

Nòt

Dokiman 3a

... Tou dabò, nan mitan gwoup enperyalis aktif yo gen kèk enterè ekonomik ki vin rantre. Se pa tout swadizan “klas kapitalis” la, menm jan anpil Sosyalis serye ta vle fè nou kwè a, men se sèlman yon minorite nan enterè ekonomik yo ki enterese dirèkteman nan enperyalis. Li fasil pou idantifye yo. Pou kòmanse, gen espòtè ak fabrikan kèk nan machandiz yo itilize nan koloni yo. Chif sa yo ki genyen sou espòtasyon ki soti nan Angletè pou ale nan End rakonte istwa a.

Espòtasyon ki soti nan Angletè pou ale nan End (Mwayèn 1920–1922)

Machandiz koton ak fil	£53,577,000
Fè ak asyel, zouti, machinri, ak lokomotiv	37,423,000
Charyo, kamyon, ak otomobil	4,274,000
Papye	1,858,000
Machandiz an kwiv	1,813,000
Machandiz an lenn	1,600,000
Tabak	1,023,000
Pa gen lòt bagay ki plis pase £1,000,000. . . .	

Sous: Parker T. Moon, *Imperialism and World Politics*, Macmillan Co., 1926

Dokiman 3b

... Nan dènye ane ki pase yo, gwoup sa a ki gen enterè nan enpòtasyon an [komèsan Britanik yo] te vin gen anpil fòs paske gwo endistri yo te gen demann pou matyè premyè ki soti nan koloni yo – kawotchou, petwòl, fè ak chabon, koton, kakawo. Depo lwil Angletè ak Etazini yo te anplwaye èd maren ak diplomat nan konkirans yo tap fè toupatou nan lemond lan. Endistri koton an nan Alman te espere jwenn woulo koton ki pa rafinen ki soti nan Tiki Azyatik, ki te sou kontwòl enperyalis Alman; enterè Angletè gen nan koton an depi yon jenerasyon ap fè kont efò pou li devlope plantasyon nan koloni Britanik yo; Rival Franse ak Italyen, yo genyen yo, pa tèlman gen mwens enterè nan potansyèl kolonyal yo. Yo ka remake, endistri koton an nan Ewòp, antanke yon biznis ekspòtasyon epi antanke yon biznis enpòtasyon, de (2) fwa pi enperyalis toujou. . . .

Sous: Parker T. Moon, *Imperialism and World Politics*, Macmillan Co., 1926

3 Dapre dokiman sa yo, ki **de** (2) rezon ki te genyen pou enperyalis? [2]

(1) _____

_____ Nòt


(2) _____

_____ Nòt

Dokiman 4a

TE


Machann Te
SOU RANDEVOU
ESPESYAL



POU SA MAJESTE
LAREN

YOUN NAN

**JADEN TE
LIPTON YO
SEYILAN**



LIPTON

SA KI PI FEN
LEMONN KA PWODWI

1s/7 PA LIV
PA GEN PRI
KI PI WO

**RICH, PI
PAFIMEN**

1s/- ak **1s/4** PA LIV

PI GWO LAVANT NAN LEMONN

Katyejeneral: City Road London Branch ak Ajans toupatou nan Lemonn

Sous: Andrea ak Overfield, *The Human Record*, Houghton Mifflin, 2001 (adapte)

4a Kisa reklam sa a demontre sou enterè Britanik nan Seyilan? [1]

Nòt

Dokiman 4b



Sous: <http://www.boondocksnet.com> (adapte)

b Kisa desen sa a demontre sou enterè Britanik nan Afrik? [1]

Nòt

Dokiman 5

Transfòmasyon Vizaj End

. . . Pa reponn, non, refize abòde kesyon an te fè diskisyon sou abandon an vin konplètman akademik. Menm si se pat konsa li te ye, nou te ka toujou tounen gade dèyè ak fyète. Sèvo Britanik yo, antrepriz Britanik, ak kapital Britanik te transfòme vizaj End, nan yon sans materyèl. Yo te devlope mwayen kominikasyon: kantite pon ki pat ka konte, plis pase 40,000 mil chemennfè, 70,000 mil wout an metal, demontre konesans ak teknik enjenyè Britanik yo. Travay irigasyon sou yon echèl sansasyonèl [gwo] te bay 30,000,000 kawo tè pou kiltivasyon ; ki fè, li te ajoute anpil sou richès agrikòl yon peyi ki jiska prezan viv prensipalman sou agrikilti. Men, yon lòt kote tou, pwosesis endistriyalizasyon an te deja kòmanse. Moulen Bombay yo vin tounen move konkiran pou Lancashire, epi endistri jit [kòd] Endyen an ap menase pwosperite Dundee a. Gras ak amelyorasyon ki fèt nan ijyèn piblik (yon bagay benefisyè ki pat konnen yo pat renmen ditou), ak yon nivo lavi ki pi wo, ak irigasyon, ak kannalizasyon, ak devlopman transpò, epi ak plan pou travay ki byen kalkile pou bay èd; rate manje, ki te konn fèt ak refèt regilyèman oparavan epi ki te prezante yon pwoblèm pèpetyèl [kap kontinye] pou administratè imanitè yo, kounye a pratikman disparèt. End vin gen yon siksè remakab paske li konkeri menas grangou a nan prezans yon lavi ki pi long anpil, yon to lanmò ki diminye, epi lagè ki sispann li; epi sa fè End gen yon gwo dèt anvè tout administrasyon Britanik la nèt. . . .

Sous: Sir John A. R. Marriott, *The English in India*, Oxford University Press, 1932

5 Dapre dokiman sa a, ki **de** (2) jan End te chanje sou gouvènman Britanik la? [2]

(1) _____

_____ Nòt

(2) _____

_____ Nòt

Dokiman 6

. . . Afrik te nan yon kondisyon deplorab lè Ewòp te antre nan kontinan an, epi Isaiah te sèvi ak anpil imaj pou li dekri li kòm "tè ki te nan lonbraj zèl li yo, ki te dèyè rivyè Etyopi yo. . . yon pèp ki te epapiye epi ki te dekalè." Nan Kote Ès la, Arab yo ak demi-kas yo te rantrè nan yon komès ki te pwofitab kote yo te fè espòtasyon esklav nan teritwa Arabi ak nan Teritwa Tiki yo. Nan wès la, lame Eta Mizilman yo, ki te gen anpil pouvwa, te depeple gwo distrik yo nan rès yo te fè pou pran esklav yo. Ewòp pat reyalize nan tout longè ak lajè Afrik, lagè ant tribi yo se te yon kondisyon ki te toujou egziste nan lavi natifnatal yo epi tribi Afriken yo te pratike destriksyon ak esklavaj youn sou lòt.

. . . Se te devwa sivilizasyon pou li mete yon fen nan esklavaj, pou li etabli Tribinal, pou li mete nan lespri [anseye] natifnatal yo yon sans responsablite endividyèl, libète ak jistis, epi pou li montre dirijan yo kouman pou yo aplike prensip sa yo, sitou, pou yo fè ansòt pou sistèm edikasyon an pwodwi lajwa ak pwogrè. Mwen sèten lè listwa bay vèdik li, se pral gwo lwanj pou efò ak reyalizasyon Grann Bretay nan jan li distribye gwo responsablite sa yo. Paske, dapre sa mwen kwè, pa gen okenn lòt gouvènman, — menm si se sou gouvènman pwòp gwo potannta [dirijan] san kontwòl li yo oswa gouvènman sou etranje — kote Afriken an jwi yon kantite libète konsa ak yon jistis san patipri konsa, ni yon tretman ki pi konpatisan; epi pou rezon sa a, mwen kwè anpil nan Anpi Britanik lan ak nan misyon li nan Afrik. . . .

Sous: Lord Lugard, *The Dual Mandate in British Tropical Africa*, Archon Books, 1965

6 Dapre Lord Lugard, ki *de* (2) jan Britanik yo te ede Afrik? [2]

(1) _____

Nòt

(2) _____

Nòt

Dokiman 7

Nan liv *Prensip Lakay Endyen* an, Gandhi te poze kesyon sa a, “**Poukisa ou vle repouse Angle a?**” Men kouman li te reponn:

... “Piske Gouvènman fè End tounen pòv. Yo pran lajan nou yon ane apre lòt. Yo rezève pòs ki pi enpòtan yo pou yomenm. Yo kenbe nou nan yon eta esklavaj. Yo konpòte yo ak ensolans [ensiltan] anvè nou epi yo inyore santiman nou. . . .”

Sous: Mohandas Gandhi, *Indian Home Rule*, Navajivan Publishing, 1938, yo te enprime li ankò an 1946 (adapte)

7 Dapre dokiman sa a, di **de** (2) rezon ki fè Gandi te vle repouse Angle a. [2]

(1) _____

_____ Nòt

(2) _____

_____ Nòt

Dokiman 8

. . . Nan yon kontèks sosyal, tiran [mons] ki rele segregasyon ak diskriminasyon rasyal la rann li difisil anpil pou kolonize a devlope pèsonalite li konplètman. Yon moun ka jwenn edikasyon, men se pou privilejyè yo li ye sèlman. Lopital pa disponib pou gran mas pèp la men sèlman pou yon minorite [piti] neglijab. Pa gen ase sèvis piblik sou anpil nivo; pa gen ase rezèvwa dlo, chemen asfalte, sèvis postal ak sistèm kominikasyon nan pifò kominote nan Nigeria. Prizon yo se prizon medyeval, kòd penal [kriminèl] la opresif, epi libète relijyon an se yon pèl ki gen yon gwo pri sou li. . . .

— Nnamdi Azikiwe, diskou sou kolonyalis Britanik nan Afrik, 1947
Sous: *ZIK: A Selection from the Speeches of Nnamdi Azikiwe*, Cambridge University Press, 1961

8 Dapre dokiman sa a, di *de* (2) jan kolonyalis Britanik la te fè Afrik mal. [2]

(1) _____

_____ Nòt

(2) _____

_____ Nòt

Seksyon B

Redaksyon

Esplikasyon: Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Sèvi ak prèv ki nan omwens **senk** dokiman nan redaksyon ou lan. Di sa ki pase ki anrapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte repons ou bay la. Mete tout lòt enfòmasyon siplemantè ou ta jwenn sou sa.

Kontèks Istorik:

Pandan ane 1800 yo, anpi Grann Bretay la te vin pi gran, li te gen End, lòt pati nan Azi, ak kèk pati nan Afrik ladann. Gouvènman kolonyal Grann Bretay la te gen efè ki pozitif ak efè ki negatif alafwa sou anpi kolonyal la.

Objektif

Travay la: Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou nan istwa jeneral, ekri yon redaksyon kote ou

- Pale de kisa ki lakòz politik, sosyal **ak/oswa** ekonomik enperyalis Britanik la
- Pale de efè pozitif **ak** efè negatif gouvènman kolonyal Britanik la

Direktiv:

Nan redaksyon w lan, sonje pou w

- Trete tout aspè nan objektif travay la
- Enkòpore enfòmasyon ki soti nan omwens **senk** dokiman
- Mete enfòmasyon ou jwenn deyò epi ki gen rapò ak sijè a
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm nan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè. Mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki ale pi lwen toujou olye pou ou annik repete tèm nan

Koupe fèy papye sa a la a.

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA JENERAL
AK JEYOGRAFI

Jedi, 17 jen 2004 — 1:15 pou 4:15 p.m., sèlman

FÈY REPONS

Gason

G/F: Fi

Non Elèv la

Non Pwofesè a

Non Lekòl la

Ekri repons ou yo pou Premye Pati a nan paj repons la, ekri repons ou yo pou Twazyèm Pati Seksyon A nan liv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a ak Twazyèm Pati Seksyon B a nan yon lòt tiliv redaksyon apa a.

Premye Pati

- 1..... 26.....
- 2..... 27.....
- 3..... 28.....
- 4..... 29.....
- 5..... 30.....
- 6..... 31.....
- 7..... 32.....
- 8..... 33.....
- 9..... 34.....
- 10..... 35.....
- 11..... 36.....
- 12..... 37.....
- 13..... 38.....
- 14..... 39.....
- 15..... 40.....
- 16..... 41.....
- 17..... 42.....
- 18..... 43.....
- 19..... 44.....
- 20..... 45.....
- 21..... 46.....
- 22..... 47.....
- 23..... 48.....
- 24..... 49.....
- 25..... 50.....

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score _____

Part III A Score _____

Total Part I and III A Score

Part II Essay Score _____

Part III B Essay Score _____

Total Essay Score

Final Score
(obtained from conversion chart)

No.
Right

Fò w siyen deklarasyon sa a lè ou fin pran egzamen an.

Mwen konfime, jiska lè egzamen an fini, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan m ap pran egzamen an.

Koupe fèy papye sa a la a.

Koupe fèy papye sa a la a.

Koupe fèy papye sa a la a.